



---

# PWOGR P SISTAN

Rapò sou Distri Eskolè Santral East Ramapo

Desanm 2018





# Pwogrè Pèsistan

## Rapò sou Distri Eskolè Santral East Ramapo

Responsabilite Delege an ak Monitè yo .....	1
Reyalizasyon Distri a nan lane 2017-18.....	1
Apèsi Enskripsyon an .....	2
<i>Tablo 1. Enskripsyon</i>	
<i>Tablo 2. Enskripsyon Lekòl Piblik sòti nan Jaden Danfan rive nan 12yèm ane selon krit Apatenans Etnik</i>	
<i>Tablo 3. Enskripsyon Lekòl Piblik sòti nan Jaden Danfan rive nan 12yèm ane - Lòt Gwoup yo</i>	
Responsabilite Akademik.....	2
<i>Tablo 4. Eitati Responsabilite Distri an ak Lekòl</i>	
<i>Tablo 5. 3-8 Ladr s nan Lang Anglè</i>	
<i>Tablo 6. 3-8 Ladr s nan Matematik</i>	
<i>Tablo 7. To Gradyasyon Lekòl Segondè nan Kat (4) Lane</i>	
Pwopozisyon Klas Ranfòse .....	4
<i>Tablo 8. 2018 Enskripsyon Plasman ak Rezilta Avanse</i>	
Retablisman Rediksyon Estaf Pèsonèl la.....	5
<i>Tablo 9. Rediksyon ak Restorasyon Estaf Pèsonèl la</i>	
Gwosè Mwayèn yon Klas.....	7
<i>Tablo 10. Gwosè Mwayèn yon Klas* pou Chak Klas</i>	
Chapit 59 nan Lwa 2017 lan .....	7
Plan Akademik Estratejik .....	9
Pwogramasyon Amelyore .....	16
Plan Amelyorasyon Finans Piblik.....	18
Bidjè Enprevi 2018-19.....	21
<i>Tablo 11. Sous Finansman pou Reponn ak Bidjè Enprevi</i>	
Rekòmandasyon Siveyans Reyalize .....	23
Preyokipasyon .....	23
Rekòmandasyon.....	24



9. Distri an te mete sou pye yon modèl kolaborasyon ant pwofesè nan lekòl segondè yo.
10. Distri an te ajoute fasilite nòm akademik pou tout nivo eskolè yo.
11. Pwopozisyon pwogram ete akademik elaji Distri an gen ladan li:
  - o Kan dete mizik enstrimantal pou klas 4-8 (400 elèv);
  - o Kan dete mizik enstrimantal pou klas 2-8 (250 elèv);
  - o Akademi dete syans sou lasante pou klas 2-8 (250 elèv);
  - o Pwogram ane lekòl pwolonje pou elèv jaden danfan jiska 8yèm ane (255 elèv); ak
  - o Elèv ki gen Edikasyon Fòmèl ki pa Konplè/Enkonsistan pou klas 9-10 (60 elèv).

## Apèsi Enskripsyon an

*Tablo 1. Enskripsyon*

<b>Sougwoup</b>	<b>2015-16</b>	<b>2016-17</b>	<b>2017-18</b>
Jaden Danfan (Demi Jounen)	1,691	1,686	1,691
Jaden Danfan (Tout Jounen)	100	98	99
Jaden Danfan jiska 12yèm ane Lekòl Piblik	8,472	8,598	8,













## Gwosè Mwayèn yon Klas

*Tablo 10. Gwosè Mwayèn Klas\* pou Chak Klas*

	2008-09	2009-10	2010-11	2011-12	2012-13	2013-14	2014-15	2015-16	2016-17
<b>Branch komen</b>	19	20	22	25	24	26			

## **Chapit 59 nan Lwa 2017 lan**

Bidjè Eta a te vote pou 2017-18 la te prevwa yon finansman \$3 milyon dola ameriken  
Eta a ap kontinye bay





Rezo lidèchip pwofesè ak administratè:

- ◁ Devlope yon ekip pwofesè, lidè, ak estaf pèsònèl byen antrene ak byen fòme pou fasilite aprantisay pwofesyonèl nan lekòl, depatman ak nivo distri a.

Fondman 4: Sistèm Baze sou Done, Valid, ak Efikas

Sistèm evalyasyon nan bon moman an:

- ◁ Mete sou pye yon sistèm evalyasyon pou bay enfòmasyon atan epi fyab

panse kritik ak konpasyon, pwofesè yo ekipe avèk konesans ak zouti nan sèvis anviwonman aprantisay ki pi jis ak pi enklizif.

Distri an bay opòtinite devlopman pwofesyonèl sa yo:





## *Ansèyman Bileng nan yon S I Sans*

Yo te chwazi modèl Ansèyman Bileng nan yon S I Sans pou elèv ELL ki nan klas 9-12. Sèl diferans ki gen ak klas TBE yo, klas de (2) lang nan yon s I sans yo pa mande pou pwofesè yo ogmante enstriksyon nan lang anglè epi diminye ansèyman nan lang panyòl chak ane elèv la enskri nan klas yo. Olye de sa, elèv yo kapab resevwa ansèyman nan klas domèn debaz yo (syans, matematik, ak syans sosyal) nan lang panyòl. Metòd pou aprann lang sa pi byen reponn ak bezwen ansèyman popilasyon ELL la nan lekòl segondè Distri a pou de (2) rezon ki dekri anba la.

Elèv yo dwe pase senk egzamen Regents yo oswa ranpli yon pakou apwouve kat plis youn pou jwenn yon Diplòm Regents. Egzamen Regents yo disponib nan lang panyòl, sof pou egzamen Regents la nan lang anglè. Pa konsekan, bay elèv yo yon ansèyman ki konsistan nan lang lakay yo se bay yo opòtinite pou yo reyisi nan egzamen yo.

Pandan senk (5) dènye ane la yo, enskripsyon elèv ki gen laj ant 17 ak 20 lane yo te ogmante. Plizyè rapò rechèch montre aprantisay yon lang akademik kapab pran ant 7 a 10 lane ansèyman bon kalite nan lang anglè, ki fè li vin obligatwa pou elèv yo kontinye resevwa ansèyman nan lang lakay yo. Pou bay elèv yo opòtinite pou gradye anvan yo rive nan 21 lane yo, Distri a ap chita sou

entegre ak ansèyman otonòm, pandan moun ki gen bonjan konpetans ap resevwa sèlman ansèyman entegre ENL la.

Monitè yo pral kontinye konsantre sou rezilta elèv yo pou pwogram sa yo ki sèvi Elèv k ap aprann Lang anglè yo, ansanm ak pwogram pou elèv ki pa fè pwogrè apwopriye pandan yo nan lekòl elemantè ak elèv ki rive nan mitan ane nan lekòl segondè ki gen yon edikasyon fòmèl ki pa konplè.

### Sèvis Sipò pou Elèv yo

Yo bay sèvis evalyasyon (sou yon baz ki nesèsè) pou elèv k ap lite sou plan akademik, sosyal, ak konpòtman pou detèmine elijiblite yo nan sèvis edikasyon espesyal. Elèv ki pa kalifye pou sèvis edikasyon espesyal (IEP), sèvis sipò nan batiman an ak sèvis 504 yo disponib tou (sèvis sa yo gen yon asterisk ki nan lis anba a). Sèvis sa yo gen ladan yo:

- < Klas Espesyal (Rapò yo: 8:1:2, 12:1:4, 12:1:2, 12:1:1, 15:1)
- < Klas entegre yo anseye a de (Jaden Danfan - 12yèm ane)
- < Sal resous / pwofesè konsiltan \*
- < Terapi Lapawòl/langaj\*
- < Terapi Reyabilitasyon
- < Terapi Fizik
- < Pwofesè pou moun ki pa wè byen yo
- < Pwofesè pou moun ki pa tandè yo
- < Konsèy Sikolojik\*
- < Fòmasyon pou paran
- < Konsiltan Sèvis zòrèy
- < Entèvansyon konpòtman Èd Teknoloji Analis Konpòtman Sètifye (Behavior Certified Behavior Analysts, BCBAs) sipòte.

Nan nivo lekòl segondè, Distri a konsantre li pou amelyore to gradyasyon tout elèv yo epi ap swiv byen prè pwogrè chak elèv sou chimen gradyasyon. Nouvo orè Distri a ki gen yon sèl peryòd tan pou manje a midi pou tout elèv yo, ki bay elèv yo plis tan pou yo resevwa èd siplemantè oswa pran klas ki pa obligatwa.



Distri a kontinye transfòmasyon Lekòl Ent medy Chestnut Ridge, yon Lekòl Priorit , nan yon Lekòl Bakaloreya Entènasyonan (International Baccalaureate, IB). Sibvansyon Amelyorasyon Lekòl Federal la finanse transfòmasyon an avèk \$2,497,895 dola ameriken yo te resevwa nan ane lekòl ki sot pase la. Sibvansyon an ap finanse pou senk (5) lane. Lekòl la ap fè pwogrè ki bay satisfaksyon pou li tounen yon lekòl IB.

### Chanjman Akademik 2018-19

#### *Korikoulòm ak Ansèyman*

- ◁ Kominote Fòmasyon Pwofesyonèl Planifye epi baze sou done yo (Jaden danfan - 12yèm ane)
- ◁ Pwopozisyon kou nivo entèmedyè pou nivo Regents nan tout lekòl entèmedyè yo. Aljèb 1 & Anviwònman w ap Viv la (Rechèch 2 pwopozisyon adisyonèl)
- ◁ Akademi Spring Valley 9yèm Klas lekòl segondè
- ◁ 50 elèv lekòl segondè ap gen opòtinite pou yo akselere ak fen etid lekòl segondè yo pandan y ap jwenn jiska 60 kredi pou fakilte.
- ◁ Distri a ap bay debitan lekòl segondè yo ak sila ki nan nivo siperyè yo yon opòtinite pou yo jwenn So Biliteracy Eta New York la. Done Distri a montre plis pase 150 elèv yo te deja reponn ak anpil kritè nan pwen yo.
- ◁ Yo ogmante sèt (7) klas edikasyon espesyal jeneral klas ansèyman nan nivo jaden danfan - 8yèm ane (sòti nan 12 klas pou rive 19)
- ◁ Devlopman kou kolaboratif nan lekòl segondè yo (9yèm -12yèm) nan domèn matematik, matematik, ak syans
- ◁ Abilite pou bay tout 15 asistan ansèyman ki anplis yo opòtinite pou retounen antanke èd pwofesè a tan plen, pou reponn ak otorizasyon ogmantasyon IEP yo. Yo te ajoute lòt pòs epi Sibvansyon Federal IDEA pral finanse yo.
  - Yo te rele 2 nan 15 nan yon pozisyon asistan ansèyman nan Distri a
  - Gen 4 nan 15 la ki te aksepte pozisyon kòm èd pwofesè a plen tan (1 annatant)
  - Gen 4 nan 15 la ki te refize pozisyon yo akòz lòt pwopozisyon travay
  - Gen 2 nan 15 la ki te refize pozisyon yo akòz mank enterè
  - Gen 3 nan 15 la ki pa te reponn oswa vin pou ranpli papyè

#### *Ansèyman Atistik & Aktivite*

- ◁ Pwogram aktivite paraeskolè kilti atistik aprè lekòl la ap kontinye grandi epi bay elèv yo plis tan pou devlope konpetans nan mizik enstrimantral yo. Elèv yo kapab patisipe nan gwoup, òkès, ak fanfa elemantè.
- ◁ Koral Little Miracles elèv 5yèm ak 6yèm Klas yo ap kòmanse nan mwa septanm aprè lekòl Kakiat.



nan negatif pou rive a 3.6% nan bidjè ane fiskal 2018-19 la. Limit legal Eta New York pou yon balans fon ki pa afekte yon distri lekòl se 4% nan pwochen ane fiskal bidjè a apwo

- ◁ Li gen otorizasyon pou itilize \$1,127,920 dola ameriken nan fon EXCEL Eta a pou nouvo fenèt/pòt, pòt deyò, ak ti fenèt lakou yo nan lekòl elemantè Kakiat ak nouvo fenèt nan lekòl Elemantè Fleetwood.

Y ap fin ak konstriksyon esansyèl lan nèt sou yon peryòd tan fikse pou kat ane ki te kòmanse nan peryòd d'ete 2017.

- ◁ Faz I an te kòmanse an ete 2017 la ki gen plis pase \$16 milyon dola ladan li. Yo te mete li sou pye avèk siksè gwo travay konstriksyon esansyèl ki te fèt sou kat (4) twati batiman lekòl yo ak twati batiman administratif la, de (2) teren espò lekòl segondè, de (2) chodyè pou batiman lekòl, ak travay modèl transfòmasyon lekòl jaden danfan jiska 8yèm Klas nan Lekòl entèmedyè Kakiat STEAM.
- ◁ Faz II an reprezante yon montan ki estime a \$24 milyon dola ameriken ki te kòmanse nan kòmansman prentan 2018 la epi ki pral fini nan mwa desanm. Gwo travay konstriksyon esansyèl te fèt oswa yo ap fèt nan 11 batiman lekòl yo, ki gen ladan uit (8) do kay, sis (6) chodyè, twa (3) sistèm vantilasyon, faz II transfòmasyon modèl jaden danfan - 8yèm ane Lekòl entèmedyè Kakiat STEAM, ak yon nouvo bibliyotèk nan Lekòl entèmedyè Chestnut Ridge.
- ◁ Faz III a reprezante yon montan ki estime a \$19 milyon dola ameriken ki te kòmanse nan prentan 2019 la. Faz III gen ladan li twati, chodyè, fenèt ak dal batiman ki rete yo.

### Sitiyasyon finans piblik amelyore

Nan ane fiskal 2017-18 la, Biwo Ofisye finans Eta a te amelyore apelasyon jefò fiskal Distri a<sup>8</sup> sòti nan estrès fiskal modere ak yon nòt 51.7% pou san apelasyon ak yon nòt fiskal 23.3%. Biwo Ofisye finans la deziyen distri yo sou gwo estrès fiskal si nòt estrès fiskal la tonbe ant 65-100%. Etandone nan ane 2014-15 la, estrès fiskal Distri a te a 86.7%, Distri a te fè yon gwo amelyorasyon fiskal.

Rezon prensipal pou Distri a amelyore li gen ladan li retablisman balans fon yo ak ekilib bidjetè a sou plizyè ane. Daprè chif preliminè odit egzèsis 2018-19 fiskal la, ki montre yon balans fon total 3.6% ki afekte oswa ki pa afekte nan bidjè 2018-19 la ki te apwouve a, Distri a espere kenbe yon nivo estrès fiskal nan san apelasyon. Anplis, Nòt Moody a pou Distri Lekòl la rete nan Baa2 ak pespektif ki estab.<sup>9</sup>

<sup>8</sup> Ou kapab konsilte Zouti Rechèch Sistèm Kontwòl Estrès Fiskal Biwo Ofisye finans Eta yo nan: <http://www1.osc.state.ny.us/localgov/fiscalmonitoring/fsms.cfm>.

<sup>9</sup> Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou nòt kredi Distri a nan: <https://www.moody.com/credit-ratings/East-Ramapo-Central-School-District-NY-credit-rating-600033656>.



## Risk Potansyèl ak Dèt Alavni

Pandan ane 2017-18 la, Distri a te fikse atansyon li sou evalyasyon risk potansyèl ak dèt alavni li yo, epitou pou rezoud anpil nan yo jan sa posib. W ap jwenn yon lis konplè anba la k ap idantifye dèt yo ak yon mizajou sou travay pou abòde yo:

- ◁ Nan lane 2011, Distri a te fè yon kontra pèfòmans enèji ak Johnson Controls, Inc pou li enstale anpil kontwòl efikas ak aparèy pou enèji nan tout batiman Distri Lekòl yo. Lakòz te gen dezakò nan kontra a epi finansman pwojè a, koze sila te rive nan medyasyon. Kounya, gen yon akò Konsèy la te apwouve ant Distri a ak Johnson Controls pou peye \$1 milyon dola ameriken nan yon peryòd senk (5) lane k ap kòmanse nan ane fiskal 2017-18 la. Nan mwa jiyè 2018 la, Distri a te fè dezyèm pèman li kise \$200,000 dola ameriken jan règleman an mande sa.
- ◁ Nan ane akademik 2011-2012 la, Distri a te chaje fon manje midi lekòl la \$724,616 dola ameriken pou depans esansyèl Depatman Edikasyon Eta New York pa te bay apwobasyon li. Distri a te konkli yon akò Konsèy la te apwouve pou li ranbouse fon manje midi lekòl la pou kantite lajan ki di anwo a pandan yon peryòd sèt (7) lane ki te kòmanse an 2017-18 la.
- ◁ Distri a gen yon pwoblèm pèsistan ki pa rezoud ak Distri Santral Ramapo a sou pwosesis reklamasyon pou elèv ki pa nan lekòl piblik yo ki abite nan East Ramapo. Distri a te depoze yon aplikasyon pou revizyon administratif yon reklamasyon pou peman devan Depatman Edikasyon Eta New York la. Montan lajan East Ramapo dwe Distri Lekòl Santral East Ramapo (Suffern) pou ane fiskal 2013-14 ak 2014-15 la se \$183,645 dola ameriken.
- ◁ Sèvis transpò lekòl la te gen yon feblès enpòtan an 2017-18 la. Orè bis yo te mal pwograme, sa ki te lakòz gwo depans ki pa te nan bidjè a fèt epi ki t ap nesosite ajisteman nan mitan ane a nan wout bis yo.

## **Bidjè Enprevi 2018-19**

Elektè yo refize a de (2) repris bidjè Konsèy la te apwouve an.

Tablo 11. Sous Finansman pou Reponn ak Rediksyon Bidjè Enprevi \$4,366,787

Itilizasyon Balans Fon	Rediksyon Pèman Prensipal nan Obligasyon Esansyèl	Rediksyon estaf pèsònèl la, Sèvis yo, ak Retrèt yo
<b>\$959,000 = 21.8%</b>	<b>\$1,163,742 = 26.6%</b>	<b>\$2,253,045 = 51.6%</b>

Bidjè yo te pwopoze a te gen 15 pwofesè k ap pran retrèt yo ladan li. Twa (3) asistan ansèyman yo te ajoute \$148,462 dola ameriken nan kontabilite ekonomi reyalize yo. Ekonomi total 14 lòt pwofesè anplis ki retirete ak 15 sila yo ki gen retrèt antisipe yo te pèmèt yo fè yon lòt ekonomi \$252,000 dola ameriken. Ekonomi yo te gen ladan yo tou retrèt Asistan Direktè Sèvis Transpò an, yon moun nan estaf pèsònèl la te ranplase li ki te gen yon salè ki pi ba. Diferans ki gen nan mitan salè yo te pèmèt yon ekonomi \$31,600 dola ameriken te fèt. Yo pa te revoke okenn pwofesè.

Rediksyon Adisyonèl ak pèt gen ladan li:

- ◁ Direktè Edikasyon Segondè, yon pozisyon ki te rantre nan bidjè orijinal yo te pwopoze a, pral pran lòt responsabilite adisyonèl ak amelyorasyon lekòl k ap pèmèt sous finansman altènatif finanse pozisyon an a 80%, ki fè fon jeneral la gen yon ekonomi \$151,222 dola ameriken ladan li.
- ◁ Direktè Edikasyon Elemantè a ap konsakre yon gwo pousantaj tan tou nan ansèyman ak nan pwogram ratrapaj (jiska 80%), sa ki lakòz yon ekonomi nan fon jeneral la ki se \$57,203.
- ◁ Y ap retire de (2) moun nan manm pèsònèl la, ki ap reprezante yon ekonomi \$231,352.
- ◁ Yon ogmante to sèvis la nan lòt sous finansman pou yon sèl responsab estòk ak yon sèl manm pèsònèl (sibvansyon an ap finanse jiska 80%) gen pou rezilta yon ekonomi \$40,381.
- ◁ Edikasyon espesyal pral redwi 15 asistan ansèyman pwogram ki pa gen otorizasyon yo, gen yon total \$625,000 dola k ap rantre nan ekonomi. Chanjman modèl ansèyman kolaboratif Distri a fè an redwi kantite asistan ansèyman yo mande yo. Yo te pwopoze tout asistan ansèyman yo pòs asistan pwofesè. Elèv ki gen andikap yo ap kontinye resevwa tout sèvis Plan Edikasyon Endividyèl (Individualize Education Plans, IEP) yo.
- ◁ Y ap retire yon enfimyè nan manm pèsònèl la, sa k ap reprezante yo pral ekonomize \$67,123.





